Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК **Чапар**

КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИ-ЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 27 (9769) / 2 июль 2018 с. / итни 17 Шавваль 1439 с./ багъа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

# 3 июля - День рождения ГАИ (ГИБДД)

Государственная автомобильная инспекция (ГАИ) МВД СССР была образована 3 июля 1936 года. С июня 1998 года ГАИ стала Государственной инспекцией по безопасности дорожного движения (ГИБДД) МВД РФ, с июля 2002 года – вновь ГАИ.

***Уважаемые работники ГАИ (ГИБДД)!***

Ваша работа сложна и ответственна, ведь косвенно от вас зависят жизни людей. Напряжение, недосыпание, возможные конфликтные ситуации делают вашу работу непростой. В этот день хочется пожелать вам терпения, понимания, здоровья, счастья и благополучия.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ*

*Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ*

# Районалъул администрациялда...





26 июналда администрациялда т1обит1ана активалъул иргадулаб данделъи. Гьелъул халгъабиялде росун рук1ана:

ФГБУ «МФЦ в РД» филиалалъ районалъул г1адамазе пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъал гьари ва 2018соналъ школа лъуг1улезул аттестация гьабиялъул цереккунисел х1асилал абурал суалал.

Т1оцебесеб суалалда т1асан к1алъазе яхъана районалда бугеб МФЦялъул филиалалъул директор Раисат Х1ажиевна Х1айбулаева.

К1иабилеб суалалда т1асан к1алъана лъайкьеялъул управлениялъул начальник М-р. И. Мах1амаев.

Данделъиялде росун рук1арал суалал рича- чвана ва гьаруна рекъон кколел х1укмаби.

*Информагентство «Салатавия»*

# Наркотикал гьеч1еб г1умру...



26 июналда районалъул культураялъул Централда т1обит1ана, г1олилазул ва Халкъалда гьоркьосеб наркотиказде данде къеркьеялъул къоязда хурхараб данделъи. Районалъул Централияб библиотекаялъул х1алт1ухъабазул х1аракатал-далъун т1обит1араб гьеб данделъиялда г1ахьаллъана - районалъул бет1ерасул заместитель И.И. Шабазов, имамзабазул Советалъул председатель Ах1мадрасул Качалаев, ОМВДялъул начальникасул заместитель Сайпула Салатгереев, РДялъул муфтиялъул районалда бугеб рух1ияб тарбия кьеялъул отделалъе нухмалъулев Исламудин Темирбулатов, ФКялъулгун спорталъул, туризмалъулгун г1олилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул начальник Ибрагьим Булатханов, ИМЦялъул методист Наида Мух1амадх1абибова, Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1ажи Адимирзаев, ЦРБялъул бет1ерав тохтурасул заместитель Рашид Г1амиев, районалъул г1олилазул г1уц1иялъул вакилзаби, МДЮСШялъул директорасул заместитель Мух1амад Г1азаев ва гь.ц.

К1алъазе вахъарав А.-р. Качалаевас абуна: ***«Инсанасул г1акълу хисизабулеб щиб бук1аниги х1алт1изаби, нилъер диналда ц1акъ какараб жо буго, гьединал жалазул х1акъалъулъ г1емераб хъванги буго. Дун вохарав вуго гьадинал данделъаби т1орит1улел рук1иналдаса. Наркоманиялде, терроризмалде ва экстремизмалде данде гурелги, г1олилал квешал ишазде ц1алеб щинабгун къеркьеялъулъ нилъ цолъани, гьелъ лъик1ал х1асилал кьезе рук1иналда дир щаклъи гьеч1о»***,-ян.



Хадув к1алъарав С.Салатгереевас данделъаразе баян кьуна наркотикал х1алт1изариялда сверухъ районалда бугеб ах1вал-х1алалъул. Гьес абуна: ***«Гьай-гьай, цогидал бак1азде данде ккун, наркотикал х1алт1изариялъул х1ужабикъадар нилъер гьанир дагьал руго. Гьел х1алт1изарулел г1олилалгун нижеца гьабулеб буго гьоркьобкьот1и гьеч1еб х1алт1и»***,- ян.

Данделъиялда гьарурал к1алъаяздасан бич1ч1унеб бук1ана г1олеб г1елалъе тарбия кьей цого лъайкьеялъул идарабазде, хъизабазде рехун тезе бегьуларебльи, гьелъулъ т1олабго жамаг1ат цолъич1они, гьелъул дагьаб гурони пайда бук1ине гьеч1еблъи.

Данделъи бачана Равзанат Мух1амадхайрулаевалъ.

# Абадиялъ ракӀалда хутӀила

Фашистазулаб Германия нилъер пачалихъалде тӀаде кӀанцӀараб 22 июнь (1941сон) Россиялда лъазабун буго ракӀалдещвеялъул ва пашманлъиялъул Къолъун.

Гьелда хурхараб данделъи т1обит1ана 22 июналда районалъул культураялъул Централда. ТӀолабго Россиялда тӀоритӀарал гьединал данделъабазул цояблъун кколеб гьеб тадбиралда гӀахьаллъана - районалъул бетӀерасул заместитель И.Б. Салимханов, ригь аразул Советалъул председатель М.ГӀ. Чупалаев,жамгӀияб палатаялъул председатель ХӀ.А. Адимирзаев, рагъулгун захӀматалъул ветераназул Советалъул председатель Х.ГӀ. МухӀамадхӀабибов, ***«Алмахъ-Салатавия»*** журналалъул редактор Д.М.Динаев, «Цогояб Россия» партиялъул бакӀалда бугеб отделениялъул исполкомалъе нухмалъулев С.ХӀ. Алтумирзаев, гӀагараб ракьалъул тарих лъазабулев М.-а.И. Дадаев, районалъул Собраниялъул депутат А.М. МухӀамадов, райцентралъул учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хӀалтӀухъаби, лицеялъул чӀахӀиял классазул цӀалдохъаби.

Данделъиялда кӀалъана - И.Б.Салимханов, М.ГӀ. Чупалаев, Х.ГӀ.МухӀамадхӀабибов, М-а. Дадаев, Д.М. Динаев, А.М. МухӀамадов. Лицеялъул цӀалдохъабаз гьенир рикӀкӀана рагъулаб къеркьеялъулъ нилъер рагъухъабаз бихьизабураб бахӀарчилъиялъул бицунел кучӀдул. Данделъиялда кӀалъараз бицунеб букӀана 1941 соналъул 22 июнь инсаниятальул тарихалда бищунго гӀасияб рагъ байбихьараб къо букӀиналъул, гьеб рагъда 27 миллионалдаса цӀикӀкӀун советиял г1адамаз жидерго гӀумру кьураблъиялъул, гӀун бачӀунеб гӀелалда гьеб к1очене тезе бегьунгут1иялъул.

***«Нилъеда ва хадусел наслабазда кинго к1очене бегьуларо фронталда хварал, араб бак1 лъач1ого, т1аг1арал, фашистазул лагеразде ккун, г1акъубаялда рук1аралгун г1умруялдаса рат1алъарал, тылалда ракъуца ва унтабаз арал, фронталда ва тылалда г1адамаз бихьизабураб бах1арчилъи»,*** - ян абулеб бук1ана гьез.

Гьай-гьай, гьел захӀматал соназ гӀадамал ракъана, къечана, амма лъиданиги цебе гьез бетӀер къуличӀо. Щайгурелъул, гьезда бичӀчӀана, кӀвахӀтун, гьабураб хӀалтӀуда



бараб букӀин жидер букӀинесеб бергьенлъи.

Гьединго, ахирияб щуго соналда жаниб, Д.З. Сайдулаевасул бетӀерлъиялда, М-а.И.Дадаевас, Д.М.Динаевас, М.ГӀ. Чупалаевас, Х.ГӀ. МухӀамадхӀабибовас, ХӀ. Минсултановас, К.Биймаевас, Гъ.Гъ.Гъиримовас, В.В.Хаджиевас гьабураб жигараб хӀалтӀул хӀасилалда районалдаса рагъде аразул къадар 2904 чиясде бахун бук1ин ва гьеб сиях1 жеги лъуг1ун гьеч1еблъи.

***И.ИДРИСОВ.***

Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,

## 3 июль – ГАИялъул (ГИБДД) х1алт1ухъанасул Къо!

# Зах1малъабазухъ балагьичIого,..

***Киназдаго лъала ОМВДялъул х1алт1ухъабазул хъулухъалъулъ дандч1валел зах1малъаби. Гьел зах1малъабазул цебесеб кьерда ругин абизе бегьула ГАИялъул (ГИБДД) х1алт1ухъаби. Щай абуни, къаси макъу, къад х1алхьи тун, ц1адукьги г1азукьги гьел рук1ине кколелъул нухазда г1адлу-низам ц1униялъул хал гьабиялда. Жакъасеб газеталда нижеца рехсолел руго гьеб х1алт1и рак1бац1ц1ад т1убазабулезул цо чангояв.***



**Асх1абг1али Мух1амадович Адуев** гьавуна 1977 соналъ Гуни росулъ. 1994 соналъ г1агараб росдал гьоркьохъеб школаги лъуг1изабун, гьев лъугьана росдал маг1ишаталъул академиялде. 2001 соналъ гьеб лъуг1арав Асх1абг1алица зах1маталъул нухде гали т1амуна росдал «Ц1ияб г1умру» СПКялда механиклъун х1алт1изе лъугьиналдалъун.

2005 соналъ гьев х1алт1изе лъугьана ОМВДялъул мухъилъе. Рагъулал тунка-х1унсиязул ветеран Асх1абг1али Адуевас рак1бац1ц1ад т1адкъараб х1алт1и гьабулеб бук1ин бихьизабула гьесие щварал Х1урматалъул грамотабаз, Баркалаялъул кагътаз ва цогидалги шапакъатаз. Асх1абг1алица ва лъади Джамиляца г1езабулеб буго к1иго лъимер.



**Артур Арсенович Баймурадов** гьавуна 1987 соналъ Калининаул росулъ ОМВДялъул х1алт1ухъанасул хъизаналда. Гьелъги батила, гьит1инаб мехалъго Артурил рек1ее г1уна гьеб х1алт1и ва гьесда цебе ч1ун бук1инч1о **«Щиб махщел т1аса бищилеб»?**- ан абураб суал.

2004 соналъ г1агараб росдал гьоркьохъеб школаги лъуг1изабун, гьев ана ДОСААФалъул шоферзабазул курсазде. Гьениб т1ок1лъигун ц1али лъуг1изабурав Артур ана Россиялъул армиялде (2005-2007сс.).

Т1адвуссун хадув, Артур лъугьана (заочно) ДГПУялъул правоведениялълугун юриспонденциялъул факультеталде.

2014 соналъ, къот1и-къайги гьабун, Артур Баймурадов лъугьана Россиялъул армиялъул мухъилъе. Артур г1ахьаллъана законалде данде кколарел яргъид г1уц1аразулгун рук1арал тунка-х1усиязулъ ва гьев ккола рагъул тунка-х1усизул ветеран.

Бажаризабун, рак1бац1ц1ад т1адкъараб х1алт1и гьес гьабулеб бук1ин бихьизабула гьесие щварал Х1урматалъул грамотабазгун Баркалаялъул кагътаз.

Артурица ва лъади Залинаца г1езабулеб буго к1иго лъимер.



**Имамбег Имамирзаевич Хъарамирзаев** гьавуна 1989 соналъ Хасавюрт шагьаралда. 2006 соналъ гьениб гьоркьохъеб школа лъуг1арав Имамбег лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул юридическияб факультеталде.

2011 соналъ гьебги лъуг1изабун, Имамбег Хъарамирзаев х1алт1изе лъугьана ОМВДялъул мухъилъе.

Законалде данде кколарел яргъид г1уц1аразулгун ккарал тунка-х1усиязул г1ахьалчилъун кколев Имамбегие кьуна **«Рагъулал тунка-х1усиязул ветеран»** абураб ц1ар. Имамбегица рак1бац1ц1ад, жавабчилъиялда т1адкъараб х1алт1и т1убазабулеб бук1иналъул нуг1заллъун ккола гьесие щвараб **«Рагъулаб бах1арчилъиялъухъ»** медаль, Х1урматалъул грамотаби ва Баркалаялъул кагътал.

Имамбегица ва лъади Халуница г1езабулеб буго 3 лъимер.



**Тимур Керимович Темирханов** гьавуна 1991 соналъ Дилим росулъ. 2008 соналъ Хасавюрт шагьаралда гьоркьохъеб школа лъуг1арав Тимур ц1ализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб педагогическияб университеталде. Гьенив заочно ц1алулев гьев 2011 соналъ х1алт1изе лъугьана МВДялъул нилъер районалда бугеб отделалде.

Тимурица жавабчилъиялда, рак1бац1ц1ад ва г1адамаз щибниги абилареб къаг1идаялда т1адкъараб иш т1убазабулеб бук1ин бихьизабула гьесие щварал г1езег1аналго шапакъатаз. Гьезда гьоркьор руго - Х1урматалъул грамотаби, Баркалаялъул кагътал ва цогидалги шапакъатал. Гьединго, Тимур ккола рагъул тунка-х1усиязул ветеранлъунги.

Гьес ва лъади Сапиятица г1езабулеб буго лъабго лъимер.

***И. ИДРИСОВ.***

# ОПРОВЕРЖЕНИЕ

В газете **«Чапар»** за 25.06.2018г № 26 опубликовано Уведомление Правления Племхоза-СПК **«Красный Октябрь»** Казбековского района о внеочередном созыве общего Собрания членов кооператива (Протокол № 21 от 11.06.2017г) 26.07.2018г 08.30 часов. Место проведения село Новый-Артлух ул.Имама Гамзатбега, д.61 с повесткой дня: 1) О внесении изменений в Устав племхоза-СПК **«Красный Октябрь»**, 2) переоформление членства лиц прекративших или не имеющих трудовую деятельность в СПК, ассоциированное членство, рассмотрение заявление граждан,3) рассмотрение заявлений граждан, изъявивших желание вступить в члены племхоза СПК, 4) вопросы приведения землепользования племхоза СПК в соответствие с Земельным кодексом РФ, 5)оказание материальной помощи сельскому поселению «сельсовет Артлухский» Казбековского района.

В опровержении указанного уведомления сообщаю следующее:

Законное руководство ПХСПК **«Красный Октябрь»** Казбековского района, которое зарегистрировано в ЕГРЮЛ ФНС РФ по Ленинскому району города Махачкалы, в лице председателя Хайбулаева Магомедзайида Сидиковича, имеющего право действовать без доверенности от имени СПК, информирует о том, что 26.07.2018г члены СПК проводить общее Собрание не планируют, те люди, которые обратились в редакцию с уведомлением не являются членами СПК.

***Председатель ПХСПК «Красный Октябрь» М.С.ХАЙБУЛАЕВ.***

# ГЬадинабги букIана заман

**«Чапар»** газеталда(№22, 28 май,1 гьум.) бахъун букIана **«Халкъалъе хъулухъалъе кьураб гIумру»** (Жизнь, отданная служению народа) абураб макъала. Россиялъул ва Дагъистаналъул пачалихъияв хIаракатчи, жамгIияв цевехъан МухIамад-Салам Пумаханов гьавуралдаса 100 сон тIубаялде бахъараб гьеб макъалаялда хъван букIана, къокъгьабун, гьес нахъа тараб гьайбатаб гIумрудул нухалъул хIакъалъулъ. Гьев гьелъие мустахIикъавги вукIана. Макъалаялда хъвараб такрар гьабизе дун лъугьинаро, амма цо-цо хIужаби рехсечIого тани битIунги букIинаро.

Леваши районалъул ЦIадахIари росдал гIадатаб хъизаналда вижарав гьев вахана пачалихъалъул политикаялъул олимпалде. Гьев вукIана КПССалъул ЦКялъул членлъун, СССРалъул Верховный Советалъул депутатлъун ва Дагъистаналъул обкомалъул тIоцевесев секретарлъун (1967-1983сс.).

КIудияб хъулухъалда вукIаниги, гьесулъ букIинчIо рек1ел чIухIи, **«борхалъудасан г1адамазухъ балагьи».** Гьеб тасдикъ гьабулеб цо мисал бачинин.

Гьеб букIана 1981 соналъул 18 июнь. Доб заманалда нилъер гьаний КПССалъул райкомалъул тIоцеесей секретарьлъун хIалтIулей йикIана ХIаписат МухIамадовна ХIамзатова. Циндаго, гьелъул кабинеталъуве лъугьун вачIуна М.-С. Пумаханов ва абула: **«ЙорчIами, ХIаписат МухIамадовна! Дун щвана нужер районалъул гIодорегIан ругел магIишатазул хурзабахъе.ТIадехун ругел магIишатазул (Гертма,Хубар, Гуни, Гъозтала,ИчкIа ва гь.ц.)рукIа-рахъин дида жеги бихьичIо. Бокьилаан гьениве щвезе»**,-ян.Дол соназ росдал магIишаталъул Управлениялъул начальниклъун хIалтIулев вукIарав Наибсултан ХIабиевгун цадахъ гьел уна тIадехун рехсарал магIишатазде щвезе. Киналъулго халги гьабун, М.-С. Пумахановас ХI. ХIамзатовалде абула: **«Молодец, ХIаписат»**,-ан. Гьелдаса хадув гьев уна ХIаписатил рукъове, гьениб къадеквенги кванан, тIадвуссунги уна.

Нужецаго хал гьабе,цо шофёр гурони цадахъги гьечIого,.лъиданиги лъазеги гьабичIого,гьев районалде вачIиналъго бицуна М.-С. Пумахановасул гIадатлъиялъул.

Гьанже республикаялъул бетIер кивехун ине кканиги, гьесул машинаялда цадахъ букIуна автомашинабазул къокъа (кортеж). Гьевгун рукIуна рикIкIен гIемерал гIадамал (гIакълучагIи, кумекчагIи,батIи-батIиял идарабазе нухмалъулел, ГИБДДялъул хIалтIухъаби, телохранителал ва гь.ц).

Нилъ ругьунлъун руго кинабго заманалде рехизе. Гуро, заманалъе лъугьараб щибниги гьечIо. БукIараб гучаб пачалихъ биххиялда цадахъ (СССР) биххана гIадлу-низам, гIадамазулъа тIагIана гIаданлъи, яхI-намус. ГIадамазул хьвада-чIвадиялъул гIемерисел рахъал сверана квешалъурехун. Гьединаб буго жакъасеб хIакъикъат.

***Ш.ЯНДАЕВ,Дилим росу.***

# Медицинаялъул х1алт1ухъанасул Къо

*Медицинаг1ан пайда бугеб махщел гьеч1о.*
**(Гай Плиний Секунд)**

**Июнь моц1алъул лъабабилеб гьат1анкъо медицинаялъул х1алт1ухъанасул Къолъун бихьизабуна 1980 соналъ СССРалъул Верховнияб Советалъул Указалдалъун.**

Гьеб Къо к1одо гьабиялъул данделъи т1обит1ана 21 июналда районалъул культураялъул Централда.

Данделъи рагьана медицинаялъул х1алт1ухъабазул лъималаз. Гьез жидерго умумузда, данделъиялъул г1ахьалчаг1азда баркана медицинаялъул х1алт1ухъанасул Къо.

Гьенире г1ахьаллъана – районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Гьирисханов Гьирисхан Мух1амадович, районалъул медучреждениябазул х1алт1ухъаби, жамаг1атазул вакилзаби. Районалъул администрациялъул, депутатазул Собраниялъул рахъалдасан байрам баркараб к1алъай гьабуна Гь. Гьирисхановас. Гьес к1удияб къимат кьуна халкъалъе рак1бац1ц1адаб хъулухъ гьабулел, унтараздехун рах1муялъулаб бербалагьи бугел медицинаялъул х1алт1ухъабазул зах1маталъе. Гьарана гьезие х1алт1улъ ч1ах1иял бергьенлъаби.



Гьединабго к1алъай гьабуна М-расул Лат1иповас (районалъул Централияб больницаялъул бет1ерав тохтур), гьесул заместитель Рашид Г1алиевас, Загьра Умалх1атовалъ (Гуни), Аминат Асланбаевалъ (Ленинаул) районалъул имам Ах1мадрасул Качалаевас ва цогидазги.

Данделъиялда рихьизарулел рук1ана г1емерал соназ районалъул г1адамазул сахлъиц1униялда т1ад х1алт1арал, гьанже нилъгун гьеч1ел, жакъа медицинаялъул учреждениябазда бугеб ах1вал-х1алалъул бицунел видеороликал.

Районалъул администрациялъул, ЦРБялъулгун Ленинаул росдал участковияб больницаялъул рахъалдасан, х1алт1улъ



т1ок1лъи бихьизабурал медицинаялъул х1алт1ухъабазе кьуна Х1урматалъул грамотаби, баркалаялъул кагътал.

Байрамалда хурхараб, г1ат1идаб концерталъулаб программа х1адурун бугоан культураялъул х1алт1ухъабаз. Гьенир куч1дул ах1ана – Руслан Имамирзаевас, гьесул вас - гьит1инав Саг1ид Имамирзаевас, Мухтар Х1айбулаевас, Умижат Султанбековалъ.

Балагьараз лъик1го къабул гьабуна Мух1амад Дудуевас х1адур гьабураб **«Москваялдаса бах1арав»** абураб махсародулаб спектаклялъул цо бут1а.

М.-р. Лат1иповас рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабуна, байрам г1уц1изе х1аракат бахъарал, районалъул культураялъул х1алт1ухъабазе.

Данделъи бачана Рамазан Гъанищевас ва гимназиялъул ц1алдохъан Хъистаман Г1умаровалъ.

## *Инсан ва г1умру*

# Г1адамал рази руго

***Миллатги хирияв, халкъги бокьулев***
***Хан анищ ватизе дир улкаялъе.***
***Законги ц1унулев, ц1огьги рихарав***
***Т1адчи анищ щвезе Дагъистаналъе.***



Харахьиса машгьурав шаг1ир Мах1муд-Афандил гьел мухъал мустах1икъаллъун рихьана дида гьаб макъалаялъул байбихьиялъе. Щай абуни, г1арцул гурони къиматги гьеч1еб, къо-асс бугев гурони г1аданлъунги рик1к1унареб гьаб заманалда сахаватал г1адамал Дагъистаналда жеги камун гьеч1елъул рохизе ккараб иш бук1ун.

Жакъа лъие ургъел бугеб унтаразул? Лъица пикру гьабулеб заманалда жидеего дару гьабизе рес гьеч1ел г1адамазул?

Мах1ачхъала шагьаралда унтаразе ч1обого дару гьабулеб №3 клиническияб больница рагьун бугилан раг1араб мехалъ, т1убанго божизе к1веч1о. Рак1алде ккана гьединаб больница рагьизе пикру гьабурав чиго щивдай вуго абун. Хадусан лъана гьев Дагъистаналъул муфтий – шейх, Ах1мад-Афанди Г1абдулаев вук1ин. **«Раг1аралдаса бихьараб лъик1»**-ан абула умумуз.

Рак1-рак1алъ абуни, раг1абаздалъун баян гьабизе бажаруларeб х1акъикъат гьениб батараб мехалъ дун х1икмалъунги хут1ана. Абула, учреждениялъул гьумер, рух1ияб рахъ, культура кинаб бугебали бихьизабулел чаг1и ругин гьелъул х1алт1ухъабиййилан.

Гьединал, мисалазе жал мустах1икъал, рек1елъ иман бугел, г1аданлъиялъ берцин гьарурал, Гиппократил гьаялъе рит1ухъал тохтурзаби ругоан гьеб больницаялъул хирургическияб отделениялда. Къокъго абуни, больницаялда жаниб буго рац1ц1алъи, регаразе санаг1алъаби, ч1езарун руго х1ажатал дараби, унтаразе данде кколеб квен. Гьениб буго иман, ях1-намус, г1аданлъи, унтаразде гурх1ел, босуларо рищват.

Гьеб буго Ах1мад-Афандица гурх1ел-рах1муялъул кьуч1алда, г1адамазе кумекалъе рагьараб к1удияб къиматалъе мустах1икъаб, ч1агояб Алжан.

Унтарал ц1акъ рази руго больница рагьиялъе кьуч1 лъурав муфтиясдаса ва гьелъие кумек гьабураздаса.

Аллагь разилъаги гьезда т1олаздасаго.

# Имамас малъараб гьаби…

***Абула, замана хисун бугилан,***
***Гуро инсан вуго живго жагьаллъун***
***Абула, дуниял херлъун бугилан,***
***Гуро г1умру буго жакъа хараблъун.***
**(Мах1муд-Апанди)**



Нилъеда лъала, Исламалда жаниб росдал имамас кколеб бак1 к1удияб ва гьесул х1алт1и ц1акъго жавабчилъи ц1ик1к1араб бук1ин. Гьаб бихха-хочараб, г1адлу-низам чучлъараб заманалда, г1адамал бит1араб нухде рачине, диналъ гьукъаралщинал жалазде гьел риччангут1изе имамасе зах1малъула. Щай абуни, имамасул ваг1за – насих1атаз рек1ее асар гьабуларел, гьесухъ г1енеккуларел г1адамал нилъеда сверухъ г1емер рук1иналъ.

Шамил районалъул Г1асаб росдал имам Сайфула-къадил ваг1заялъухъ г1енеккараб мехалда нилъеда бич1ч1уна жакъа Дагъистаналда, хасго жиндир г1агараб росулъ бугеб ах1вал- х1алалалъе гьес кьолеб къимат бит1араб бук1ин. Гьес росдал руччабазе т1убанго гьукъулеб буго маг1ирукъоре ине, щай абуни, гьеб харбазул рукъалде сверулеб бук1иналъ. Гьединго, имамас рик1к1унеб буго хваразда хадур гьарулел харжазе г1орхъи ч1езабизе кколин, гьелъул хваразе пайда бук1унарин.

Нилъехъе анкьумузулъанго бач1араб г1адат буго цоцазде ккараб къварилъи г1ахьал гьабизе инги, гьелдаго релълъарал цогидал г1адатал т1уразариги. Г1емерисел г1адатал руго росулъ рилъанхъизарулел, росдал г1адатал х1исабалда, х1алт1изарулел. Гьездасан цояблъун ккола чи хвараб къоялъ хъах1аб байрахъ ч1вай. Гьелда сверухъги раккула т1асан к1алъаял. Байрахъ ч1вала, г1агарлъи тун, бат1ияв чи вач1ине кколарин абулеб г1аламат х1исабалда. Щай абуни, къварилъи т1аде бач1уна тохлъукьего, гьелде чан чи х1адур вук1унев. Эбел-лъимал рихха-хочун, свери-рукъ бак1аризе лъугьуна, зигаралъ рач1араздe рег1араб х1ал гьезул бук1унаро. Хвел раг1арабго гьенире рекерулелги рук1уна нилъеда гъорлъ. Сайфула-къадица абухъе, маг1ирукъоб бихьараб, тараб къот1норе щвегун бицуна. Щвинири ургъуларо гьединаб къо метер жидехъего бач1ине бук1иналдаги.

Рак1алда буго Салавюрт микрорайоналда хвел ккаралъуре арал руччаби, цо жамаг1атчияс, г1ансаялъгун, байрахъги бихьизабун, нахъруссинарун рач1аралъи. Бит1унги гьабун буго.

***Хъах1аб байрахъги ч1ван, ч1ух1изабе хоб,***
***Халкъалъе лъик1лъаби нахъе тарасул.***
***Тарих г1арабалъ хъван, хъах1 гьабе зани,***
***Замана гвангъизе мисал тарасул.***
**(Мах1муд-Апанди)**

Г1емерисез абулеб раг1уна гьанже хвел басралъун бугин, хварасул къимат гьабулеб гьеч1ин. Жидерго хварав чиясда хадуб къулгъу-алх1амги, х1алк1овухъе садакъаги гьабуларев чи вук1унаро. Киназулго гуро г1емерал харжал гьаризе рес бук1унеб. Гьединазде бегьулищ абизе хвел басра гьабулеб бугин?

Гьай-гьай бегьуларо.

Гьединлъидал, к1иябго рукъоб нилъ бит1араб нухде ккезарулев чи вуго росдал имам. Нилъеда т1адаб ишлъун ккола имамасда хадурги рилълъун, гьес малъараб гьаби. Гьеб бич1ч1иги рак1алъ къабул гьабиги буго щивасул борч.

***Гьумер х1адурана Х1.КАРИМОВАЛЪ.***

# Къокъго

Россиялъул Президент В.В.Путиница,9 сентябралда т1орит1изе ругел Дагъистаналъул бет1ер вищиялъул рищияздa, республикаялъул бет1ерлъиялде кандидатлъун В.Васильев вихьизавун вуго.

(Нилъер республикаялъул законодательствоялда рекъон, Дагъистаналъул бет1ер вищула Халкъияб Собраниялъул депутатаз).

Севериябa Кавказалъул федералияб округалда Россиялъул Президентасул вакиллъун т1амуна Александр Матовников. Цеве гьеб хъулухъалда вук1ана Олег Белавенцев.

# ОМВД информирует...

С 20 по 30 июня на территории района прошла профилактическая операция ***«Маршрутка»***, направленная на профилактику и недопущение дорожно-транспортных происшествий, стабилизацию ситуации в данной сфере деятельности, а также в целях активизации работы по выявлению и пресечению правонарушений, связанных с нарушением правил перевозки пассажиров и грузов пассажирским транспортом.

***А.Г.ХАЛИДОВ.***

# Исправление

В статье "В Ленинаульской средней школе № 1" газеты **«Чапар»** (№23 от 04.06.2018г. стр. 2) было написано: ***«Заместитель директора по воспитательной работе А.М. Алиева сделала все от нее зависящее, чтобы праздник удался. И он удался!»*** следует читать: **«Заместитель директора по воспитательной работе А. М. Умарова сделала все от нее зависящее, чтобы праздник удался. И он удался»**.

***Редколлегия.***

# Объявление

К сведению муниципальных учреждений – заказчиков и поставщиков пищевой продукции, а также сельхозтоваропроизводителей сообщаем, что в целях развития системы малых закупок «Биржевая площадка» в Республике Дагестан Агенством по предпринимательству и инвестициям РД с 11 по 12 июля в районе планируется проведение бесплатного обучения заказчиков и поставщиков.

Заинтересованные лица смогут обращаться в Управление сельского хозяйства Казбековского района.

Социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул Управлениялъул хIалтIухъабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Марьям Халидовалда ва тIолабго гIагарлъиялда, эбел

**Чакар**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Алжан насиб гьабеги гьелъие.

Цогояб информационнияб централъул х1алт1ухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабулеб буго Насрудин Абужанатовасда ва т1олалго г1ага-божаразда

**Зулумхан**

г1умруялдаса ват1алъиялда бан. Алжан насиблъаги гьесие.

***Спорт - инсанасул сахлъи***

# Волейбол

23 июналда Дубки посёлокалда т1орит1ана нилъер ва Буйнахъск районазул командабазда гьоркьор волейбол х1аялъул къецал. Афгъанистаналъул рагъда г1умруялдаса ват1алъарав Назирдин Салимханов рак1алде щвезавиялда хурхун, 6-абилеб нухалда т1обит1улеб ва 6 команда г1ахьаллъараб гьеб тадбиралъул ах1илъун бук1ана **«Районалъул г1олилал -терроризмалде ва наркотиказде данде»**-ян абураб.




Турниралъул х1урматиял гьалбаллъун рук1ана –районалъул бет1ерасул заместитель И.И. Шабазов, райСобраниялъул председатель Гъ.М. Гъирисханов, Гертма росдал администрациялъул бет1ер Зайнула Чалухов ва гь.ц. Гьенир к1алъазе рахъарал- И. И. Шабазовас, Гъ. М. Гъирисхановас, З.Чалуховас, Запир Юнусовас(Дубкиялъул депутатазул Собраниялъул г1олилазда гьоркьоб х1алт1и гьабиялъулгун спорталъул комиссиялъул председатель) данделъаразе бицана гьадинал тадбиразул бугеб к1варалъул, гьез г1олеб г1елалъе тарбия кьеялъулъ, цоцазулъ бухьенал щулалъиялъулъ лъолеб бут1аялъул ва гьарана турниралъул г1ахьалчаг1азе ч1ах1иял бергьенлъаби. 2 подгруппаялдеги рикьун т1орит1арал х1аяздаса хадур,финалалде ана Дилим росдал ва **«Чиркей ГЭСстрой»** г1уц1иялъул командаби. 2:0 х1исабгун,бергьенлъи босана Дилим росдал командаялъ. Лъабабилеб бак1алъе г1оло х1ана Буртунай ва Гертма росабазул командаби. Бергьенлъи босана буртабазул командаялъ.

Бищунго лъик1 х1араллъун гьенир рихьизаруна –Сайгид Гелакаев (Дилим,лучший разводящий), Х1амзат Х1амзатов ( ЧиркейГЭСстрой,лучший защитник), Ринат Булатханов (Дилим,лучший игрок) ва Г1абдулмуъмин Мусаев (Гертма, лучший нападающий).

Призёраллъун рахъаразе ва бищунго лъик1 х1аразе, райадминистрациялъул, Дубкиялъул администрациялъул, Н. Салимхановасул г1ага-божаразул рахъалдасан, гьенир кьуна- медалал, грамотаби, кубокал ва г1арцулал шапакъатал.

***И.БУЛАТХАНОВ.***

# КЦСОН информирует...

***Уважаемые пенсионеры!***

В целях реализации положений «Стратегии действий в интересах граждан старшего поколения в Российской Федерации до 2025 года, задач продления активного долголетия повышения компьютерной грамотности граждан старшего возраста, пенсионеров района приглашаем принять участие в 4-м Всероссийском конкурсе личных достижений пенсионеров в изучении компьютерной грамотности «Спасибо Интернету - 2018 г.»

К участию в конкурсе приглашаются пенсионеры и граждане старше 50 лет, обучившиеся работе на компьютере и в сети Интернет как самостоятельно, так и закончившие специализированные курсы.

Конкурс проводится Пенсионным фондом России и «Ростелеком» ПАО, также содействие в организации оказывает Координационный центр реализации национальных интересов по развитию компьютерной и интернет грамотности граждан старшего поколения.

**Цели конкурса:**

1. Доступность государственных электронных услуг, поддержка активного долголетия

2. Содействие в вопросах занятости «молодых пенсионеров»

3. Выявление наиболее активных регионов, работающих в данной теме

4. Популяризация всероссийской учебной программы **«Азбука Интернета»**,одобренной Министерством труда и социальной защиты РФ.

Номинация конкурса:

1. Портал gosuslugi.ru: мой опыт.

2. Мои интернет достижения.

3. Интернет - предприниматель, Интернет-работодатель.

4. Моя общественная интернет-инициатива.

Конкурсные работы будут приниматься с 18 апреля по 9 октября 2018 года, а подвести итоги конкурса планируется в начале ноября 2018 г. Чтобы принять участие в конкурсе необходимо подать заявку на сайте: azbikainterneta.ru/konkurs, приложив конкурсную работу - эссе в соответствии с номинациями конкурса и фотографии .Победителей определит авторитетная конкурсная комиссия. Напомним , в прошлом году в конкурсе приняли участие более 3000 пенсионеров из 78 регионов России. Все работы размещены на сайте azbukainterneta.ru в разделе «Конкурс».

***Ю.Мухаев,***
***директор КЦСОН***

*Бетlерав редактор: Мухтар Гlалиевич Чупалаев тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь: Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Сапият Султанмухlамадова
Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо Хlайбаева
Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб Гlабдулмуслимова.
Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141, Саид-Афандил къват1,2
Индекс: 51354
Заказ №92 Тираж 1271
Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*